5-ГІА ЛЕКЦИ. ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН КЕПАШ

План

1. ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН КЕПАШ
1.1. Цхьалхечу предложенин кхетам
1.2. ЦхьанахІоттамам предложени
1.3. ШинахІоттаман предложени.
1.4. Йуьззана а, йуьззана йоцу а предложенеш.
1.5. Предложенин номинативни конструкци
1.6. Предложенин эргативни конструкци

Пайдаэца коьрта литература

1. Халидов А.И., Эдилов С.Э. ХІинцалера нохчийн мотт. Синтаксис: Дешнийн цхьаьнакхетар, цхьалхе предложени. Соьлжа-ГІала, 2023. – 320 с.
2. Навразова Х.Б. Чеченский язык: Описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения. Назрань, 2013. – 306 с.
3. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004. – 273 с.
4. Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. II дакъа. Синтаксис. Грозный, 1985 – 126 с.
5. Халидов А.И. Нохчийн меттаІилманан терминийн лугІат. Соьлжа-ГІала, 2012. – 448 с.

Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш: *цхьанахІоттаман, шинахІоттаман предложени, йуьззана, йуьззана йоцу предложени, йуьхьан а, билгала-йуьхьан а, билгалза-йуьхьан а, йукъара-йуьхьан а, йуьхьза а, цІеран предложенеш, номинативни конструкци, эргативни конструкци, предикаци, эксплицитни, имплицитни, элиминированни*

1. ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН КЕПАШ

1.1. Цхьалхечу предложенин кхетам

Цхьалхе предложени грамматически бух цхьаъ болуш, йа подлежащи а, сказуеми а ший а шена чуйогІуш, йа йеккъа цхьана коьртачу меженах лаьтташ йолу предложени йу. Масала: шинахІоттаман предложени – Немцо кхийтира дуьхьало йарх гІуллакх хирг

цахиларх (Дадашев Iабдулла); цхьанахIоттаман – Кечйе батальон разведке… (Дадашев Iабдулла).

ХIоттамца цхьалхе йолу предложени шен барамехь цхьайолчу чолхечарал а йаккхий хила тарло. Масала: Амма оцу шерашкахь малхбузехьа даьллачу революцин буьрсачу дорцала нисвелла иза цигара вуха Россе кхин стаг а хилла вирзира (Айдамиров Абузар).

Йалийна предложении цхьалхе йу, амма цу чохь, коьртачул сов (иза вухавирзира), кхин кхоъ хаам бу: I) революцин дарц малхбузехьа даларх, 2) вуьйцуш верг цу дорцала нисваларх, 3) цунах кхин стаг хиларх. Шайн чулацаман чолхене хьаьжча предложениш шаьш чолхе лара дезар дара, амма и тIекхетта хаамаш бийриш предложени чохь коьртачу меженан – сказуемин гIуллакх кхочушдеш дешнаш дац, цундела предложени цхьалхе ларало.

Цхьалхе предложениш йаьржина а, йаржаза а, чолхеевлла а. чолхейовлаза а, цхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а хуьлу: Бераш школе доьлху; Йуьртахой сихха схьагулбелира; Сан ваша дика иччархо ву; ДIадаханчу шарахь кхиийна долу йалташ чудерзоза дисира; Арахь йовха йу; Схьало соьга хьайгара кехат

1.2. ЦхьанахIоттамам предложени

Предложенин грамматических бух кхуллург, хууш ма-хиллара, коьртачу декъана сказуеми йу. Цуьнца цхьаьна и бух кхуллуш дакъалоцуш подлежащи а хуьлу, дукхахьолахь, амма подлежащи йоцуш а хила тарло предложени. Оцу билгалонна тIе а доьгIна, предложениш шина тайпане йоькъу:

1) шинахIоттаман предложени – шена чу подлежащи а, сказуеми а йогIуш, масала: Студенташ сесси дIайелла бевлла; Дешархой дезачу денна кечамбеш бу; Сан йиша лор йу; Книга стомма йу;

2) цхьанахIоттаман предложени – шена чу коьртачу шиннах цхьаъ бен коьрта меже бен йоцу предложени; масала: Кхана хьалххе схьавоьллахь; Чохь тийна ду.

ЦхьанахIоттаман предложени шен хIоттамехь коьртачу къамелан меженех цхьаъ бен йоцу цхьалхе предложени йу.

ЦхьанахIоттаман предложенийн коьртачу межено шена чулоцу подлежащин а, сказуемин а маьIна, цундела царна чохь, хIуманан, йа даран, йа хиламан цIе йаккхарал совнаха, хаам бу. Цунна ду тIаьххьарчу оьрсийн грамматикашкахь а, цхьайолчу кхечу меттанийн грамматикашкахь а цхьанахIоттаман предложенийн коьртачу меженах йа подлежащи а, йа сказуеми а ца олуш, цхьанахIоттаман предложенин коьрта меже (главный член односоставного предложения) алар, цуьнан кеп мухха йелахь а.

ЦхьанахIоттаман предложенин коьрта меже тайп-тайпанчу къамелан дакъойн кепашкахь хуьлу.

ЦIеран цхьанахIоттаман предложени (номинативное предложение) олу шена чохь цIерниг дожарехь йолу цхьаъ бен коьрта меже йоцчу цхьанахIоттаман предложенех .

ЦIеран цхьанахIоттаман предложениш шайн маьIне хьаьжжана масийтта тайпане йекъало:

хиламан цхьанахIоттаман предложени;

бIаьрахьалхахIоттаран цхьанахIоттаман предложени;

цIейаккхаран цхьанахIоттаман предложени;

кхайкхаран цхьанахIоттаман предложени.

1) хиламан цхьанахIоттаман предложени (бытийное предложение): Татанаш… Стигал йу къевкъина… (Н. Музаев); Буьйса. Лета жIаьлеш. Арахь хIоьттина тийналла;

2) бIаьрахьалхахIоттаран цIеран цхьанахIоттаман предложени (именительный представления и темы): ДогIа… Некъаш тIеда дара. Некъаш.. (М. Бексултанов); Нана… Хир дуй цуьнга кхочуш дош?

3) цIейаккхаран цIеран цхьанахIоттаман предложени (назывное предложение): Дохк (С. Курумован повесть); Йеха буьйсанаш (А. Айдамировн романан цIе); Лаьмнашкахь ткъес (А. Айдамировн

4) кхайкхаран цIеран цхьанахIоттаман предложени (вокативное предложение): Элиса! Элиса! Сан деган серло! (А. Сулейманов);

5) ахпредикативни цIеран цхьанахIоттаман предложени (полупредикативное предложение): Пекъар Асет! ХIара хаза де!

1.3. ШинахIоттаман предложени.

ШинахIоттаман предложени шена чохь ший а коьрта меже – подлежащи а, сказуеми а йолуш йолу предложени йу. ШинахIоттаман предложени чу йогIуш кхийолу меженаш а хила тарло, шен барамехь мелла а йоккха хила йиш а йу иза. Цхьана шинахIоттаман предложени чохь масех коьрта меже хила йиш йу, нагахь санна уьш (подлежащиш йа сказуемиш) цхьанатайпанара меженаш йелахь: Ахьмада а, Билала а, Санета а массарал хьалха кхочушбира хьехархочо тIебиллина болу талламан болх.

ШинахIоттаман предложенина чуйогIуш шиъ коьрта а, кхоъ коьртаза а меженаш йу.

Нагахь йа подлежащица, йа сказуемица а кхийолу (коьртаза) меженаш ца хилча, предложени йаржаза шинахIоттаман хуьлу: Ло догIу; ЦIерпошт схьакхаьчна; Леча иччархо ву; ЦIа лекха ду. Нагахь предложенин хIоттамехь цхьаъ йа масех коьртаза меже

хилча, иза йаьржина шинахIоттаман предложени хуьлу: Ло сийсара дуьйна догIу; Москохара йогIу цIерпошт цхьа сахьт хьалха схьакхаьчна; Леча дика иччархо ву; Тхан вашас дина цIа лекха а, хаза а ду.

йаржаза

Малх чубуьзира.

Горгали бийкира.

йаьржина

Эххар а горгали бийкира.

Суьйранна дашо малх чубуьзира.

Нагахь санна предложенехь подлежащи цIерниг дожарехь лаьтташ хилахь, и предложени кхечуьнга ца йолу предложени йу. Цул сов цу предложенехь сказуемино подлежащица барт бо классехь йа терахьехь, йа урхалла до.Масала:

Аьхке йовха йеъна.

Султан школе воьду.

Нагахь санна предложенехь подлежащи дийриг дожарехь лаьтташ хилахь, и предложени кхечуьнга йолу предложени йу, цул сов цу предложенешкахь хила тарло нийса кхачам а, цуьнца сказуемино барт бо классехь йа терахьехь, йа урхалла до. Масала:

КIанта дечиг доккху.

ЙоIа дика доьшу.

1.4. Йуьззана а, йуьззана йоцу а предложенеш.

Кхетарна оьшуш йолу меженаш шена чохь йолчу предложенех йуьззана предложени олу. Масала:

Автобус йогIу.

Бераш школе доьлху.

Дешархоша кест-кеста книгаш йоьшу.

Вайна ма-гарра, йуьззана предложенеш йаьржина а, йаржаза а, кхечуьнга йовлуш а, кхечуьнга ца йовлуш а хила тарло.

Коьрта йа коьртаза меженаш эшош, амма уьш маьIница атта схьакарош йолчу предложенех йуьззана йоцу предложени олу.Масала:

- Мел хан йаьлла хаьий хьуна?

– Ца хаьа. – йуьззана йоцу предложени.

Цу кеппара предложенийн кепаш хила тарло: йуьхьан а, билгала-йуьхьан а, билгалза-йуьхьан а, йукъара-йуьхьан а, йуьхьза а, цIеран предложенеш а.

1. Шена чохь подлежащи а, сказуеми а долчу предложенех йуьхьан предложени олу, масала:

Дешархоша сочинени йазйира.

Говр йежа.

Вайна ма-гарра, йуьхьан предложени хила тарло йаьржина а, йаржаза а.

2. Шена чохь подлежащи а доцуш, сказуемино формица йа маьIница иза билгалдечу предложенех билгала-йуьхьан предложени олу, масала:

Тховса тхоьга волахьа.

Дуста: Тховса тхоьга вола хьо

Шайга вигахьа со.

Дуста: Шайга вига ахьа со.

Билгалчу-йуьхьан предложенехь хандашо (сказуемино) шен формица (кепаца) а, маьIница а билгало йоллуш цхьа йуьхь билгалйоккху.

3. Шена чохь подлежащи доцуш а, йуьхь билгал ца йеш а йолчу предложенех билгалза-йуьхьан предложени олу, масала:

Аьхка мангал хьокху.

Селхана туьканахь тетрадаш доьхкира.

Цу предложенешкахь гIуллакх кхочушдийриг маьIница хаа йиш йу: мангал мангалхоша хьокху, ткъа туьканахь тетрадаш совдегаро духку.

4. Шена чохь подлежащи а доцуш, йукъарчу маьIница иза дало тарлучу предложенех йукъара-йуьхьан предложени олу, масала:

Барзана бага пIелг ца буьллу.

Нехан динара хотталахь вуссу.

Коьртачу декъана йукъара-йуьхьан предложени кицанах хуьлу. Бакъду, муьлхха а йуьхь (подлежащи) хила тарлуш а, йукъара маьIна долуш а хила тарло кху кепара йукъара-йуьхьан предложени, масала:

Гуьйренан тIаьхьарчу деношна мухха а луьйш хуьлу. – мила? Муьлхха а.

5. Юьхьза предложени. Подлежащи доцуш а, хилла оьшуш а йоцчу предложенех йуьхьза предложени олу, масала

ХIинца шелйала йоьлла.

Арахь хаза йу.

Юьхьза предложени йаржаза а, йаьржина а хила тарло, масала:

Шелйелла.

Йохйелла.

Iаржйелла.

Арахь шелйелла.

Арахь йохйелла.

Арахь Іаржйелла.